

# Teste. Retrase. Pran Swen.

## Teste

Fè yon Tès COVID-19 ak yon tès Antikò pou konnen si ou te ekspoze nan viris la, Tès yo GRATIS, konfidansyèl ak ansekirite. Kounye a gen plis pase 200 sit tès ki ouvè.

Aprann plis isit la:

- Rele liy NYC Health and Hospitals: 844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)
- Rele 311 epi di Tès COVID19
- Jwenn sit mobil ak sit tès ki toupre anliy nan: [nyc.gov/covidtest](https://www.nyc.gov/covidtest)
- Tèks COVID TEST nan 855-48
- Liy telefòn dirèk COVID19: 844-NYC-4NYC (692-4692)
- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal: 866-692-3641
- <https://www.nychealthandhospitals.org/covid-19-testing-sites/>



## Retrase

Reponn apèl Retrasè Kontak yo - yo bay sipò pou Nouyòkè yo ki teste pozitif pou COVID-19 ansanm avèk kontak pwòch yo. Konvèsasyon an konfidansyèl. Retrase kontak deziyen pou pwoteje w, fanmi w, ak zanmi ou yo.

Retrasè yo pa kapab poze w kesyon osijè estati imigrasyon w oswa Nimewo Sekirite Sosyal ou. Retrasè kontak yo mande ka ak kontak yo si yo ta renmen refere nan yon navigatè resous pou ede avèk resous yo egzanp manje, swen medikal, aksè nan medikaman.

Aprann plis isit la: <https://www.nychealthandhospitals.org/test-and-trace/tracing/>

## Pran swen


Pwoteje tèt ou ak fanmi w - Izole ansekirite nan yon chanm otèl oswa nan yon kay ki konfòtab ak konvenyan

<https://www.nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care/>




# Teste. Retrase. Pran Swen.

## PRATIKE BON IJYÈN.



Sispann bay lamèn ak metòd salitasyon ki pa gen kontak.



Netwaye men nan pòt la epi pwograme rapèl lave men regilye.



Dezenfekte sifas yo tankou manch pòt, tab, ak biwo regilyèman.



Evite manyen figi w epi kouvri tous ak etènne w.



Ogmante vantilasyon lè ou ouvè fenèt ak ajiste èkondisyon.

## LIMITE REYINYON AK VWAYAJ KI PA-ESANSYÈL YO.

Itilize videyo konferans alapas reyinyon fasafas.

Lè apèl videyo pa posib, òganize reyinyon ou yo nan chanm ak espas ki byen vantile.

Sispann tout vwayaj ak sòti ki pa esansyèl.



## PWOGRAM OTÈL COVID-19 GRATIS

!Si ou teste pozitif pou COVID-19 li enpòtan ke ou izole tèt ou e ou pa vini an kontak pwòch avèk lòt moun. NYC ap bay pwogram otèl izolasyon gratis pou moun sila yo ke lakay yo ka pa pèmèt oto-izolasyon. Chanm otèl yo disponib tou pou Nouyòkè yo ki pa gen COVID-19 men wap viv avèk yon moun ki te teste pozitif.

Pou w konekte, founisè sante ak pasyan ki enterese yo pou yo rete nan yon otèl pou 10-14 jou ka rele **1-844-692-4692** pou kòmanse pwosesis depistaj la. Èdtan operasyon yo se 9AM-9PM.

- Yon founisè medikal pral evalye sityasyon w e kidonk refere w nan yon otèl si apwopriye
- Founisè swen sante pa kapab e li pa pral mande w osijè estati imigrasyon w oswa Nimewo Sekirite Sosyal. Yo pa kolekte enfòmasyon w.
- Pwogram sa a, gen ladan manje, dra, Wi-Fi, ak sèvis telefòn lokal gratis sèvis telefòn lokal gratis.
- Si ou gen kesyon, sou pwogram lan, tanpri imèl [hotels@oem.nyc.gov](mailto:hotels@oem.nyc.gov).

